Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 32 (7381)
25 Июль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Терроризм

## АТКялъул хIалтIул хал гьабуна



Араб анкьалда РДялъул БетIерасул кумекчи Сайпудин Сайповгун ва республикаялъул терроризмалда данде чIараб Комиссиялъул членалгун цадахъ гIенеккана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул председатель ГI. НурмухIамадовасухъ. Гьединго хал гьабуна «Унсоколо район» МОялъул терроризмалде данде чIараб организациялъул хIалтIул. Гьелда гьоркьоре унаан цересел АТКялъул хIалбихьиязда гьарурал хIукмаби тIурай, гIунгутIаби тIагIинариялда хадуб хъаравуллъи кквей.

Докладгун кIалъазе вахъарав муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIиялъе гьабураб комплекснияб план гIумроялде бахъинабиялъе гьаб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалида Комиссиялъги администрациялъги цIикIкIараб хIалтIи гьабунин.

Цадахъ рекъон гьабураб хIалтIул хIасилалда гьабсагIаталда районалда буго гIодобе биччараб ахIвал-хIал. Хасго Генуб, Балахьуни ва ХарачIи росабалъ бугеб хIалалда тIадчIей гьабуна бетIерас. АТКялъул председателас кIудияб баркала загьир гьабуна хасго ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъабазе жидее бугеб хIинкъиялде рачIинчIого районалда хIалхьи чIезабиялъе гьабураб хIалтIухъ.

С. Сайповас районалъул АТКялъул хIалтIи рикIкIана гьоркьохъеблъун.

Комплекснияб хал гьаби рагIалде бахъун хадуб аслияб хIалтIи тIаде кколел М. ХIамзатовасе ва АТКялъул аппараталъе гьабуна хIалтIи гIуцIиялъе практикиябгун методикияб кумек.

Гьеб гуребги РДялъул АТКялъул вакилзабаз районалъул Комиссиялъул членазе, заместителазе, гьединго МугIрул округалъул АТКялъул хIалтIи бачунезеги аслиял суалаздасан семинар тIобитIана. Гьенире гьоркьоре ккана ГIахьвахъ, ГIахъуша, Гъуниб, Хунзахъ ва Шамил районазул АТКял. ГIемераб бичIчIулареб ахIвал-хIалалъе жавабал щвана тадбиралда гIахьаллъаразе.

## БитIараб нухде рачIаразулгун хIалтIи



20I9-2023 соназда жаниб экстремизм-терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIаби гьариялъе гIуцIараб комплекснияб программаялъул рамкаялда жаниб гьабураб тадбир букIана гьал къоязда районалъул администрациялда. Гьеб ишалда хурхун хIалтIулаб группагун Генуб росулъе щвана районалъул АТКялъул секретарь, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов. Гьевгун рукIана: районалъул хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул рахъалъ Централъул вед. специалист Р. МухIамадгIалиев, ПДН инспектор ХI-М. ХIасанов, участковый, полициялъул лейтенант ГI-ГI. Ибрагьимов, рухIияб гIумроялъул, опекаялъул вакилзаби.

Сапаралда гьел щвана цереккун законнияб жаваб кьеялде ккарал, экстремизм-терроризмалъул мухъилъ рукIун битIараб нухде руссарал гIадамазухъе, гьабуна гьезулгун ракI рагьараб гара-чIвари, бицана РФялъул законазда рекъон гьел хIалтIуда лъеялъул.

# Аслиял суалалгун



22 июлалда райадминистрациялда букIана росдал магIишаталъул, лъай кьеялъул, культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул, социалиял суалазул бицараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал, гьесул кумекчи, отделазул начальникал, специалистал ва гь. ц.

Данделъи бачана ГI. НурмухIамадовас. Гьениб бетIерас аслияб кIвар кьуна арал данделъабазда кьурал тIадкъаял тIураялде, балагьана нухазда рацIа-ракъалъи цIуниялъул бугеб хIалалъухъ, налогал ракIариялъухъ, неформалияб занятослъухъ, туризм цебетIезабиялъухъ.

Аслияб кIвар данделъиялда кьуна гьал къоязда букIине бугеб гIолилазул форумалде хIадурлъиялде. Цо-цо отделазда, ай опека ва попечительствалъул бицунаго бихьизабуна гьеб хъулухъалда хурхун гIадамазул гIарзал ругин. Жиндирго иргаялда вед. специалист К. Расуловас бицана 20I8 соналъул хIалтIул хIасилал гьарулаго нижее лъикIаб къимат кьунин, амма хадурккунги гьаризесел хIалтIаби гIемер ругин.

Гьединго бетIерас кIвар буссинабуна хIинцго хIалтIи унел ругел объектазде, цIияб цIалул соналде школал кватIизе течIого хIадуризе ккеялде.

# КъвакIарал отходазда хурхун



Араб анкьил ахиралда райадминистрациялда букIана «Лидер» УК ОООялъул регионалияб операторалги гIахьаллъараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана: райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, ОООялъул генералияв директор Д. М. Зуев, гьесул зам. А. ХIажимухIамадов, районалъул бетIерасул кумекчм ГI. ГIумаров, «Служба ЖКХ» организациялъул директор А. ГIабдулхаликъов.

Къойил темаялде босун букIана гьадинал суалал: къвакIарал отходал ракIари, транспортировка гьаби, гIадамазул ва учреждениял организациязул къвакIарал коммуналиял отходал зарал гьечIелллъун гьари, гьел рукъи ва гь. ц., гьелъухъ унел расходал.

Данделъиялда батIи-батIиял предложениял кьуна гьел суалал тIураялда хурхун ва хIукму гьабуна: **(Ахир 2 гьумералда)**

22 июлалда данделъун букIана районалъул гIолилазул форум тIобитIиялъул гIуцIиялъул комитет. Гьенир гIенеккана форумалъул праздникалъулаб бутIа гIуцIун бугеб куцалъухъ, контингенталъухъ, тIаде ахIаразул суалазухъ ва цогидалъухъги. Бицана форумалде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул. Гьеб букIине буго 26 июлалда. ДандчIваялда ГI. НурмухIамадовас тIадкъай кьуна гьеб иш тIаде кколел гIадамазе.



# Баркула тIадегIанаб хIасил



ХIурматияв АхIмад МухIамадович!

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул депутатазул Собраниялъул, Общественнияб палатаялъул, спорталъул комитеталъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Дуда СКФОялда шахматал хIаялъул чемпионаталда щвараб призалъулаб бергьенлъи.

Шахматал ккола некIсияб интеллектуалиял хIаял. Культураялъул церетIеязда жанибги шахматал ккола аслиял хIаяздасан цояб. Гьелъ цолъизарула гIадамал, ругьун гьарула цебеккунго букIинесеб лъазе, цевехъанасул качестваби куцазе, ругьун гьарула захIмат бокьизе. Шахматал гьел ккола спорталъул гIажаибаб гIуцIи, хIай, гIелму ва искусство. Гьеб ккола гIицIго гIакълу-лъай цебетIезаби гуребги чиясул гIамал-хасияталда тIадги асар гьабулеб хIай.

Шахматаз цебетIезабула черхалъул гIуцIиялъулаб бажари, хисардулеб ахIвал-хIалалда цебетIезабула нилъеца гьабулебщиналъулъ жавабчилъиялъул асар.

Гьарула Дуе ва Дур цIаралда киналго шахматистазе битIккей, берцинал ва гвангъарал бергьенлъаби, спортивияб творчествалъул церетIеял!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

# РДялъул Минсвязалъул ХIурматалъул грамота



Гьал къоязда «Районалда информационнияб цебетIеялъе, махщалидагун качественнияб къагIидаялъ хIалтIи гIуцIиялъе гIоло» районалъул «Цогояб информационнияб хъулухъалъе» Дагъистан республикаялъул информациялъул, бухьеналъул ва халкъияб коммуникациялъул Министерствалъ ХIурматияб грамота кьуна.

«ЕИС» МБУялда гьоркьобе уна печаталъул издание – районалъул «Ахихъан» газета, районалъул администрациялъул официалияб сайт ва «Голос гор» сетовияб издание.

Дагьал церегIан къояздаги гьебго Министерствоялъ ХIурматалъул грамотаби кьун рукIана районалъул бетIерасе ва хъулухъалъул хIалтIухъабазе.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва «ЕИСалъул» хIалтIухъабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго РДялъул Минисвязалъе ва ведомствалъул нухмалъулев С. Снегиревасе гьабураб хIалтIуе кьураб лъикIаб къиматалъухъ.

Авар мацIалъул проект

# Кумек хIажат буго



Гьал къоязда букIана района лъул администрациялъул бе тIер ГI. НурмухIамадовасулгун Россиялъул журналистазул Союзалъул секретарь, РДялъул журналистазул пред., «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГI. Камаловасул ва гьесул х1алт1ухъабазул дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIасанова, Хунзахъ районалъул бетIер Н-М. Задиев, районалъул финансазул отделалъул начальникасул ишал тIуралев Ж. Шамсудинов, «Голос гор» сетевияб газеталъул редактор М. Султанова, «ХIакъикъат» газеталъул редакторасул зам. Ш. Султанбегова, газеталъул мухбир П. Расулова.

ДандчIваялда кIиябго рахъалъул хабар ккана хадубккун хIалтIулъ цоцазе кумек гьаби, авар мацI машгьур гьабиялъе гьабураб проект гIумроялде бахъинбиялъе цадахъаб хIалтIи гьаби, гьеб гIолеб гIелалда гьоркьоб машгьур гьаби. КIалъалаго ГI. Камаловас бицана гьаб заманалда авар мацI гIолеб гIелалъ дагьго бицунеб букIиналъул, гьелда тIад хIалтIизе ккеялъул. Жиндирго иргаялда Унсоколо районалъул бетIерасги бихьизауна: «Гьаб ккола умамазул мацI, жиндирго культураялъул, гIадатазул рахъалъ гьеб буго гьайбатаб мацI»,-абун. тIадчIей гьабуна авар мацIалда сверухъ лъугьун бугеб хIалалъе букIине кколеб къимат кьезе кколин. Н. Задиевасги тIадчIей гьабуна авар мацIалъе кIвараб кумек гьабизе кколин.

ДандчIваялда ГI. АхIмадовичас баркала загьир гьабуна кIиябго районалъул бутIрузе хIисабалде босараб проекталдехун бичIчIигун балагьаралъухъ.

ЧIалгIинчIодай?!

# Авар мацIги хIалае ккун

Дун Унсоколо районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялде редакторлъун ячIараб 2003 соналда цогидал муниципалиял газетазул редакторалгун цадахъ ахIана республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор ГI. Камаловас тIадехун цIаларабго гIадаб гьаригун, ай районазул газетал «Х1акъикъат» газеталъухъе кьеялъул суалгун «Журналистазул Рокъоре» ва цебе лъуна авар мацIалда хIинкъи букIиналъ республикаялъул газета ккезе гIисинал газетал «ХIакъикъаталде» цолъизаризин, гьедин моцIие цо гьумер щибаб районалъеги кьелин. НахъегIанисан гьим-гьидулел рукIин гурони печаталъул министерствоялъги гьелда гьоркьоб гIахьаллъи гьабичIо. ГIемерал бахIсаздаса хадуб данделъиялдаса риххана. Заманго иналде республикаялъул ва районазул газетазда раккизе лъугьана ГI. Камаловасул пикро нахъчIварал макъалаби, кучIдул, фельетонал. Цо журналистас хъван букIана акулаялъ гIисинал ччугIби гIадин гIисинал газетал къулчIизе къасдищ бугеб,-ян. Журналистаз гьесда лъазабулеб букIана печаталъулги хъвадарулезулги ихтиярал хвезаричIого чIа,-ян. Гьединал дандчIваял хадурккунги гIемерлъана, амма данде рахъараз суал цебехун биччачIо.

Хадуб ГI. Камаловас хIалбихьана щиб-щибниги букIинабилин рагIи кьун районазул газетазул редакторал рази гьаризе, гьезул кумекалдалъун бутIрузул ракIазулъеги нух бахъизе. Гьебги нухда инчIо.

Долдаса ана I6 сон, гьебго хабар абуни байбихьун букIана гьелде щвезегIан лъабго соналъ цебего. ЧIалгIунареб щайдай ГI. Камаловасда гьеб хиси гьечIеб гьардей! Араб соналда гьебго суалгун Гъуниб районалъул газеталда тIаделъарав гьев районалъул газета цIалулез нахъе гъуна, цогидал бакIаздаги гьединго ккана. «ХIакъикъаталъул» бюджет тIеренлъундай бугеб яги республикаялъул газета къаялдедай иш ккараб» кинго бичIчIуларо?!

Авар мацI цIунулев мун ватани, ГIали Ах1мадович, гьеб гьаниб магIарухъ щибаб рокъоб цIаличIони цIунулищ, дур багьа хирияб газеталъищ мискинлъи тIаса инчIел магIарулазе мацI цIунулеб? Бокьун гьечIо дуда адаб тун кIалъазе, кин бугониги чIалгIинчIищ дуда шагьаралдаги вукIун авар мацI цIуниялъул бицунеб хабар, халкъалъе гIоло кIалъалев мун ватани, районалъул газета гIагараб гьечIищ бакIалъул гIадамазухъе швезе ва гьезул мурадазе г1оло къеркьезе?!

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

# КъвакIарал отходазда хурхун

Унсоколо районалъул муниципалияб гIуцIиялда лъикIаблъун бихьизабизе жиде-жидер бакIазда бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе гIадамазда гьоркьоб гьеб суалалда, ай гьабураб хъулухъалъухъ гIарац кьезе ккеялда хурхун. ООО УК «Лидер» регионалияб операторалъул хъулухъазухъ бакIарун гIарац кьей букIинабизе, гьелъул хъулухъаллъун кколел транспортировка гьаби, зарал хвезабиялъе тIад хIалтIи, ТКО бакIазда букъиялда хурхунги. РукIалиде ккезабизе бакIалъулаб власталъулгун ва гIадамазулгун гьабулеб хIалтIи. Щибаб росулъ жавабиял рихьизаризе ТКО бакIариялъе, нахъе баччиялъе, гьединго РДялъул тIабигIиял ресурсазул Министерствоялде хитIаб гьабизе цойги нухалъ регионалияб операторазул хъулухъалъул тарифазухъ балагьизе.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 32 (7381)
Хамиз
25 Июль 2019 сон



**С а д о в о д**

Страница в номере



**В здоровом теле - здоровый дух**

# О вреде употребления наркотиков и спайсов

Данная тема, о которой мы бы хотели поговорить, не нова, но тем не менее, она очень актуальна, так как последствия употребления наркотиков и спайсов (наркотических курительных смесей) не просто опасны, а смертельны. На сегодняшний день нет универсального метода лечения наркозависимых больных, а это значит, что слово наркотики однозначно означает смерть. И это только вопрос времени

По данным Всемирной организации здравоохранения и Федеральной службы по контролю за оборотом наркотиков на 2013 год в России насчитывается 8 миллионов наркоманов. И это каждый 18 гражданин нашей страны. При этом 75% из них — подростки в возрасте до 25 лет. Статистика утверждает, что минимальный возраст начала употребления наркотиков опустился до 11 лет. И эта цифра ужасает, ведь по мнению врачей, продолжительность жизни человека, начавшего употреблять наркотики, не превышает 5 лет. В России ежедневно от наркотиков умирает более двухсот человек (это свыше 80 тысяч в год). Это объясняется тем, что 80% всех наркоманов параллельно больны смертельными заболеваниями, которые заносят через иглу — СПИДом и гепатитом, которые до сих пор практически не поддаются излечению. Ситуация усугубляется тем, что на сегодняшний день нет ни одного лекарственного препарата, позволяющего полностью избавить от наркозависимости. Успех в борьбе с этим недугом достигается лишь в 5% случаев, и то он возможен только на ранних стадиях.

Вдумайтесь, средняя продолжительность жизни в России — 67 лет, наркоманы в среднем живут 26 лет... в 2,5 раза меньше.

Нельзя не отметить и еще одно крайне негативное последствие употребления наркотиков. В России 85% всех преступлений совершается в состоянии алкогольного или наркотического опьянения. Наутро человек трезвеет, отходит от наркотиков, но уже становится поздно и он надолго отправляется за решетку. Представьте себе, насколько бы уменьшилось число убийств, изнасилований, разбоев, если бы не наркотики и алкоголь...

Надеемся, что данные цифры убедили Вас в том, что тема, которую мы затронули, крайне значима и нужна. Ведь Россия последние три года удерживает печальное лидерство, занимая первое место по употреблению наиболее тяжелого вида наркотиков-героина.

Любые наркотики вызывают эйфорию, галлюцинации, значительные изменения в восприятии окружающего мира, психические эффекты. Действие их зачастую непредсказуемо, и их малейшая передозировка может привести к негативным последствиям в виде тошноты, потери контроля над телом и разумом, психозов и навязчивых состояний. Могут возникнуть судороги, потери сознания и даже впадение в кому. Наркотик достаточно быстро вызывает зависимость – сначала психологическую, затем физическую. Иногда достаточно употребить его один раз, чтобы «подсесть» на него. В дальнейшем человек «не чувствует себя самим собой» без введения в организм стимулятора. Без наркотика он ощущает напряжение, скованность, не способен сосредоточиться. Вскоре у зависимого полностью пропадает аппетит, который ненадолго возвращается лишь после приема препарата, возникают проблемы со сном, развивается мучительный кашель, приступы интенсивной потливости.

Иногда после курения у наркомана опухают конечности,



появляется сильное слезотечение или возникает кожный зуд. В дальнейшем у курильщиков развиваются сердечно-сосудистые заболевания, болезни печени и общее снижение сопротивляемости организма. Дело в том, что наркотик выводит из клеток витамины и жизненно необходимые микроэлементы, разрушая иммунную систему. Хотите ли Вы такое для себя?

Наркотики являются причиной возросшего за последнее время количества подростковых самоубийств. Находящиеся в состоянии наркотического опьянения молодые люди выходят из окон или прыгают с крыш высоток. По свидетельствам употребляющих наркотик, иногда он даёт полную уверенность в появлении сверхъестественных способностей, таких, как возможность летать или «выходить из тела». При этом у мозга с физическим телом действительно теряется связь – находящийся «под кайфом» может даже ощущать своё тело мёртвым и не принадлежащим разуму, в то время как мыслительная деятельность продолжается.

Попавшие в зависимость нередко бросают учёбу, работу, меняют круг общения, становятся неряшливы, неадекватны и подозрительны. Последствия употребления наркотиков и спайсов выражаются в тревожных состояниях, постоянном ощущении слежки и наличии заговоров, в которых, по мнению наркоманов, могут участвовать все окружающие и даже члены семьи.

Тяжелейшими последствиями употребления наркотиков становятся гнойные процессы в организме человека, его тело буквально разлагается. Зачастую это приводит к ампутациям и тяжелым инвалидностям. А вот так выглядят новорожденные дети, появившиеся на свет у женщин, принимающих наркотики. Не успев родиться, они уже становятся наркоманами и обречены на мучения. Картина ужасает, не правда ли?

Особую опасность в последнее время составляет употребление наркотических курительных смесей - спайсов. Многие думают, что спайсы неопасны и не вызывают зависимость. Но это не так. Последствия их употребления точно такие же, как и от употребления иных наркотиков. Курильщики спайса - стопроцентные будущие пациенты в психбольнице. К сожалению, спайс не только ухудшает психическое здоровье, обостряя расстройства психики, но и вызывает новые.

Особое влияние спайсы оказывают на работу головного мозга и половую систему, приводя к импотенции у мужчин, и потери детородной функции у женщин.

И мы бы хотели напомнить о том, что производство и распространение наркотиков и спайсов является особо тяжким преступлением в России, которое наказывается длительными сроками заключения вплоть до пожизненного.

Давайте подведем итоги. К чему же приводит употребление наркотиков и спайсов. Первые пару минут к удовольствию и эйфории, но затем наступают ежедневные мучения и страшная болезненная смерть.

Наркотики и курительные смеси — это миллионы разрушенных семей. Наркоман теряет не только здоровье, но семью, работу, возможность иметь детей. Давайте еще раз задумаемся. Излечить от наркотиков удается менее 5% больных, и каждый день их жертвой становится свыше 200 человек. Выбор остается за Тобой. Счастливое будущее или страшное настоящее

# Минсвязи РД проводит конкурс

Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан объявляет прием заявок на участие в конкурса среди журналистов и средств массовой информации Республики Дагестан на лучшее освещение реализации национальных проектов (далее - Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с решением протокола совещания, посвященного комплексному информационному сопровождению реализации национальных проектов в СКФО, а также презентации портала «Будущее России. Национальные проекты» от 28 июня 2019 года № А73-п-24-ст, под руководством заместителя Полномочного представителя Президента РФ в СКФО С. С. Старикова.

Цель Конкурса – привлечение журналистов к освещению значимых событий, связанных с достижением конкретных результатов при реализации национальных проектов.

Задачи Конкурса – повышение эффективности информационного сопровождения реализации национальных проектов в Республике Дагестан, повышение уровня доверия к власти населения, повышение эффективности освещения деятельности органов исполнительной власти республики.

Участниками Конкурса могут быть электронные, печатные средства массовой информации, сетевые издания Республики Дагестан, а также авторы (авторские коллективы), чьи материалы указанной тематики были опубликованы, размещены в эфире, в сети Интернет в 2019 году.

Требования к конкурсным работам (материалам):

- Видео-, аудиоматериал, размещенный в социальных сетях, медиапанелях, телеэфире (видеоролик, телепередача, радиопередача, документальный фильм и т.п.).
- Публикация в печатном или сетевом издании (статья, очерк и т.п.).

Общий объем печатных работ – не менее 1 полосы формата А3, видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на электронном носителе. К материалам на национальных языках должны быть приложены переводы на русском языке в печатном варианте. Ссылки на публикации в сети Интернет предоставляются в виде цветных скриншотов, содержащих браузерную строку с читаемой ссылкой на материал, а также в виде активной гиперссылки на материал.

Работы оценивает Конкурсная комиссия из представителей министерств, ведомств, учреждений и общественных организаций Республики Дагестан.

Основанием для участия в Конкурсе являются представленные в Комиссию собственноручно заверенные авторами, или их уполномоченными представителями, или руководителями СМИ заявки для участия в Конкурсе.

**Состав заявки:**

- заявление (свободная форма) автора, или его уполномоченного представителя, или руководителя СМИ на имя министра информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан – обязательно.
- конкурсная работа (материал) – обязательно - данные об охвате материалом аудитории в Республике Дагестан, данные о тональности восприятия материала – по желанию автора.

Подведение итогов Конкурса с определением победителей осуществляется один раз в год. Комиссия рассматривает поданные в срок заявки и принимает решение о награждении победителей. Последний срок подачи заявки – 15 ноября 2019 года.

Победители Конкурса в каждой номинации (первые три места) награждаются грамотами Министерства информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Журналистские и авторские работы направляются по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а (2-ой этаж), каб. 8, Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД, отдел по взаимодействию со СМИ. Копии материалов направляются на электронный адрес: komsmi-rd@mail.ru и m.ahmedhanova@minsvyazrd.ru

Информация предоставляется по телефонам + 7 8722 510360 или + 7 8722 510354.

Итоги Конкурса обнародуются в республиканских средствах массовой информации и на сайте министерства http://minsvyazrd.ru (http://rdpress.ru)

Положение о Конкурсе размещено на сайте министерства http://minsvyazrd.ru (http://rdpress.ru) в разделе «Документы», подраздел «Конкурсы и гранты».

Шахматал

## АхIмад ГIумалаевасул иргадулаб бергьенлъи



I4-I9 июлалда Кабардино-Балкариялъул Нальчик шагьаралда букIана СКФОялъул ветераназда гьоркьоб шахматал хIаялъул чемпионат. Гьенир гIахьаллъана кинавниги 45 чи, гьездасан щуго къуватал шахматистал рукIана Унсоколо районалдаса. Гьезда гьоркьор рукIана АхIмад ГIумалаев ва ГъазимухIамад ГъазимухIамадовги. Компьютералдасан букIараб можоро тIамиялда гьел рахъана тIоцебесеб нухалда дандчIвалезул цояллъун. Байбихьулал хIаязда ккана бащадаб хIасил. А. ГIумалаев абуни вахъана хIаязда кIиабилеб бакI ккурав призерлъун.

РакIалде щвезабизин; жакъа къоялде щвезегIан гьединаб тIадегIанаб хIасил нилъер районалдаса цониги шахматистасул букIинчIо. РакI-ракIалъ баркула ракьцоязда тIадегIанаб бергьенлъи, хадурккунги рукIинесел хIаязда гьарула гIицIго рорхалъаби!

2006 соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан АхIмад ГIумалаев хIалтIулев вуго районалъул администрациялъул бетIерав бухгалтерлъун. Гьесул бергьенлъабаздаса чIухIула цадахъ хIалтIулел.

Пайдаяб малъи

## ГъалатIал ритIизаризин

**(ЧIахIияб гIелалъул гIадамал гIемерисеб мехалда битIун кваналаро. Кинал гъалатIал гьез риччалел?)**

**I. ЦIикIкIун кванала. Гьелъул кIудияб зарал буго.** ГIолохъанаб мехалъ гIадин кванала гIемерисел. Лъалеб букIахъе санал арал гIадамазе гIемераб рухI-жан хIажалъуларо, обмен веществ ва цогидалги процессал гьезул гIодоре ккун рукIуна. Гьединлъидал чед, крупаби, макаронал ва гьуинлъаби квиналда хадуб хъаравуллъи чIезабизе ккола. Аслияб квание чIезабуни лъикI бачил гьан, треска, судак ва цогидабги ччугIа. Дагь гьаризе лъикIал рукIана сметана, сливкаби, хIан, мороженое. Амма рахь, кефир, нах хIалаб гьечIеб нису, йогурт, картошка, пихъ, рохьил пихъ гIемер кваназе лъикIаб буго.

**2. Рахьдадаса инкар гьабула**. Белок щвеялъе хIажалъула рахьдалал продуктаби. Рижарал жалазул белокалдаса гьеб гIемерго бигьаго биуна. Киналго рахьдалал продуктабазда рукIуна калий, кальций, фосфор. Гьел хIажалъула ракьа, ца-кIал къвакIун чIеялъе, тIом, рас малъал щулалъиялъе. Сордо-къоялда жаниб кIиго нухалъ кваназе лъикIаб буго ригь арал гIадамаз рахьдал квен.

**3. Бахчабазул культураби ва пихъ хIалтIизабунгутIи**. Гьел щибаб къойилго рукIине ккола рационалда. Ца-кIалалъул санагIат гьечIолъи букIиналъ лъикI бигьиналъе рес кьолеб гьечIони, белъун яги хIохьлада лъун кванай гьел. Режун кваназе гьел лъикIал гьечIо, гIемераб нах бакIарула гьелъ жанибе. Бегьула гьезул пьюре гьабизеги.

**4. Лъим гьекъезе бокьун гьечIо, амма гьекъезе ккола**. Къечей санал индал дагьлъизе байбихьула. Ургьимес бацIцIалъиялъе бокьаниги бокьичIониги радалго I стакан лъим гьекъе. Къойида жаниб 6-8 стакан лъамалъиялъул хIажалъула. Гьекъе гIадатияб лъим.

**5. Радал кванан чIоге.** Радал кванани къасимех щвезегIан кваначIого чIола цо-цоял. Гьеб буго кIудияб гъалатI. Лъабго ригьалъ кваназе ккола къойида жаниб. 4 сагIаталдасангIаги кваназе ккола ригь арал гIадамал.

**6. ТIагIам гьечIо. ЦIам базин.** Ригь араб мехалъ тIагIам лъалел рецепторазул хIалтIи гIодобе ккола. ТIагIам бачIине цIам бала цо-цояз. ЦIам цIикIкIинабиялъ давление бахуна, ургьисалабазул унтаби раккула.

**Ф. О. Донская. Гастроэнтеролог**

Ассалам гIалайкум, миллатги мацIги

## МацI - миллаталъул кьучI

**Гьаз «арендаялъе» авар мацIги лъун**
**ЦIакил хабар буго гьоркьоб бицунеб**
**Умумазул цIарал нахъегIанги цун**
**«Максимал» ратула рахъине гьарун.**

М. Гунащев.

ГIезегIанго санал руго рахьдал мацIги нилъер миллатияб гун рухIияб культураги нахъе кколеб, кIочон толеб бугилан ахIи балаго. Авар мацI цIунейилан зама-заманалдасан тIоритIула данделъаби, гьоркьоса къотIичIого хъвалеб буго прессаялда, амма гъорлъе раккулел гьечIо аралда ва ахIвал-хIал хисизабизе хIалтIи гьабулеб гьечIо. Бицунебго гьечIо гьеб ахIвал-хIалалде нилъ сунца ккезаруралали. Большевиказдаса улкаялда щулалъизабулаго кинабго цебе букIарабги биххизабун, гьелъул кьучIалда тIаде цIияб пролетариаталъул культура гIуцIизе кколилан лъазабуна. Киса-кибего, Дагъистаналдаги гьеб политика гIумроялде бахъинабизе тIаделъана. Гьелъул аслияб хIалтIи тIаде босана «Аллагь гьечIезул Союзалъул» цо-цо активистаз. Гьезул хIаракаталдалъун ва тIасан чIванкъотIараб буюрухъгин къана ва риххизаруна мажгиталги цогидабги дин гьабулел бакIал. Пасат гьаруна диниял тIахьалги, диниял гIадамаз хъварал къиматал асаралги, туснахъ гьаруна ва чIвана гIемерал диниял церехъаби. Гьукъана гIолеб гIелалда диниял кьучIал малъизе.

Гьоркьоса къотIичIого унеб букIана Кавказалъул ва Дагъистаналъул халкъал цере хъвай-цIали гIечIел гIодобегIанаб культураялъул гIалхул гIадамал рукIанин абураб магIнаялъул пропаганда. Нилъер умумаз какал ралаан балъго ва гIолилазда тIад динияб гIелмуялъул асар чучлъана. Щибаб ишалъул кьучI букIине ккола, кьучI гьечIел малъияз къосинабуна нилъер гIолеб гIел. ГIадада абун батиларо Р. ХIамзатовас

**«Минбараца кьураб босарабани,**
**Намус кьерилазул кьижилароан,**
**Цо-цо Гьардарасда гьикъарабани**
**Кколеб хIакъалдаса чи хIинкъилаан**,-абун.

Дол саназ жиндирго миллаталъул мацIалда кIалъалаго гIад-хочI гьавулаан, рикIкIунаан гIодобегIанаб лъаялъул чилъун. Гьедин дагьлъизабизе байбихьана школалда рахьдал мацIалда лъималазе кьолел дарсазул сагIтал. ЦохIого-цо Дагъистаналда рахьдал ва гIурус мацIазул ДГУялда бугеб факультетцин къазе хиял гьабулеб букIана тIалъиялъ.

МацIги культураги ккола миллаталъул кьучI, гьелъул кьалбал, гьелъие жагъаллъи ккани миллат тIагIуна. РачIа цIунилин рахьдал мацI!

Рахьдал мацI кIочаразде

Ассалам гIалайкум миллатги мацIги
Вацлъи щулалъизе щущахъ биххараб,
Щибаб свери рикIкIун батIиял мацIал,
Цодада ричIчIизе, здравствуйте - привет.
ХIуригатчагIазул дол чвал-чвалиялъ
Нилъер чвахиялъул чилъи бухIана,
ЧохтIо-кIаз чIваразда гIайибалги чIван
ГIицIаб бетIералъул ясал рецщана.
Аллагь-авараггун дагIба бачIезда
Сибир къотIулезул къадру букIана,
МухIамад цIар хисун Николай лъуна,
Киналъулго хIасил - нилъ щвараб хIорчIел.
Гьанже хIапдеялъул хIасил ккеларо
Киназего гIаммаб как балеб рукъцин
Молебний комнатан хъван буго кIалтIа,
Масжидалъул кIалтIа мечетан хъвалел
Хъвалищ нужеца цIар магIарул мацIалъ.
Мага, Патя, Шайма, Халя бокьараз
Бицинищ рахьдал мацI гIурус гурони?!
Кавказалъул мугIрул, гIаздалал тIогьал
ГIораз лъим босулел тIокIкIарал иццал,
Нуж цIунун къеркьараб къоло щуго сон
Щивас рекIелъ цIуне, дов хвалчадулав!
Газет-журналазда нух батаразда
Бице нилъ рортараб кIкIалал гъварилъи,
КIудияв вацасул къадруги цIунун
Нилъерго мацI кIочен рекъараб бугищ?

*ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.*

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 25. 07. 19 г. 16: 15
фактически -16:30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.